

The University of the State of New York  
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

# ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

**Madi**, 22 janvye 2002 — 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi, sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Premye Pati a. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonce pou w ekri repons yo.

**Premye Pati** a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa a yo nan fèy repons ki apa a.

**Dezyèm Pati** a gen kesyon redaksyon tematik yo. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

**Seksyon A nan Twazyèm Pati** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

**Seksyon B nan Twazyèm Pati** a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.**

## Premye Pati

### Reponn tout kesyon nan pati sa a.

*Esplikasyon (1-50):* Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo a oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

1 Espresyon “fèmeye sibzistans” la vle di moun ki plante

- (1) ase manje pou yo bay tout yon vilaj manje
- (2) manje pou yo vann nan mache nan yon vilaj
- (3) ase manje sèlman pou yo satisfè bezwen moun ki pi pre nan fanmi yo
- (4) yon sèl kalite manje pou yo vann

2 Kilès nan pawòl sa a yo ki dekri yon ekonomi mache?

- (1) Ajans planifikasyon gouvènman pran kèk nan desizyon sou ekonomi yo, epi sektè prive a pran lòt desizyon.
- (2) Desizyon moun pran poukont yo, ansanm avèk rapò òf ak demann, afekte desizyon fondamantal nan ekonomi an anpil.
- (3) Gouvènman nasyonal la kontwòle tout resous yo, ansanm ak kantite moun ki la pou travay, ak mwayen pwodiksyon yo.
- (4) Pifò nan desizyon ekonomik yo pran dapre koutim, relijyon, ak tradisyon.

3 Sa ki te karakterize Revolisyon Neyolitik la, se

- (1) chanjman, lè moun sispann viv tankou nomad pou rete viv yon kote kòm fèmeye
- (2) devlopman teknoloji pou fè zouti an metal
- (3) ansyen moun ki deplase pou vini nan Amerik
- (4) gwo anpi yo ki bese

4 Nan ki rejyon sivilizasyon ki te parèt pi bonè nan Chin yo devlope?

- (1) Dezè Gobi
- (2) Mòn Imalaya
- (3) Vale Rivyè Jòn
- (4) Plato Tibè

5 Pawòl ki di “depi Sid Espay, travès Nò Afrik, okipe penensil Arab jouk Azi Sid Ès” te konn sèvi pou dekri gwosè

- (1) Anpi Aztèk
- (2) Paks Womana
- (3) Anpi Goupta
- (4) Teritwa Pèp Mizilman yo

6 Nan Chin, doktrin Konfisyanis te mete anpil enpòtans sou lide ki di

- (1) tout moun dwe gade tankou egal
- (2) moun kapab sove si yo lapriyè, medite, ak fè bon aksyon
- (3) objektif pèsònèl moun dwe vini anvan bezwen yon gwoup moun
- (4) kapab gen antant nan pami tout moun nan yon fanmi oswa nan yon gwoup, si chak moun kondi tèt li byen

7 Kouman jeyografi te afekte devlopman ansyen Grès?

- (1) Tè ki te bay manje byen te vin fè moun depann sou agrikilti.
- (2) Kòm moun te jwenn bon pò sou lanmè, sa te ankouraje komès sou lanmè.
- (3) Kòm plenn yo te plat, sa te fè pouvwa santralize posib.
- (4) Klima twopikal te dekouraje devlopman vil.

Baze repons ou pou kesyon 8 la sou pawòl pi ba la a yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

“Vini non, avèk tout moun nou yo, epi goumen ak tout kouraj nou, pou trezò sa a pa tonbe nan men Tik yo. . . . Kididonk, aji pandan nou gen tan toujou, pou wayòm Kretyen yo pa disparèt devan je nou... Epi lè nou vini, n ap jwenn rekonpans nou nan paradi...”

— Anprè Aleksiyis Komnenis,  
dapre *The Dream and the Tomb*  
(*Rèv la ak Tonm nan*)

8 Ki evennman pawòl sa a ap pale?

- (1) Epòk Limyè
- (2) Revolisyon Franse
- (3) Revolisyon Glorye
- (4) Kwazad yo

9 “Trankilite Bondye (The Peace of God) te deklare lagè feyodal pa dwe fèt sou pwopriyete ki pou legliz, epi li te pwomèt pwoteksyon nan legliz ak nan monastè yo pou moun ki kouri kite batay. Trèv Bondye (The Truce of God) te defann goumen depi mèkredi swa pou rive lendi maten, epi nan jou fèt, ak pandan sezon Nwèl ak Karèm nan relijyon. . . .”

— *Medieval and Early Modern Times*  
(*Epòk Medyeval ak Premye Peryòd nan Tan Modèn*)

Sitasyon sa a vle di konsa

- (1) nan tan sa a, legliz te gen anpil pouvwa politik
  - (2) sèl jou pou fè lagè, se te jou fèt nan relijyon
  - (3) se lalwa feyodal ki te domine relijyon
  - (4) se seyè feyodal yo ki te deside kilè ki pou gen lagè
- 10 Legliz Òtodòks nan Lès ak alfabè Sirilik la te kòmanse nan Anpi Bizanten. Ki sa pratik relijyon sa a ak itilizasyon alfabè sa a montre pou Risi?
- (1) Se Anpi Bizanten ki te fè konkèt Risi.
  - (2) Lidè Ris yo te elimine enfliyans Mongòl yo.
  - (3) Pwopagann kiltirèl te gen enfliyans sou Risi.
  - (4) Kòm Risi te apa, sa te lakòz varyete nan kilti a poutèt pozisyon jeyografik li.
- 11 Ou kapab di rezon ki fè wayòm Afrik Wès ki te rele Gana, Mali, ak Songay yo te vin pran fòs, se poutèt
- (1) enpòtans lide nasyonalis yo te genyen
  - (2) Kreyante te gaye anpil kote
  - (3) enperyalis ewopeyen te pran fòs
  - (4) kote yo te ye a, tou pre wout komèsyal ki travèse Sarara yo
- 12 Mansa Mousa te komisyone gwo moske pou yo te bati nan Timbouktou, ki te kapital Mali, ak nan lòt vil nan Mali. Anba direksyon Mousa, lekòl Mizilman yo devlope, epi Timbouktou vin tabli kòm yon sant enpòtan pou moun pran konesans. Lè tout richès ak pouvwa sa a yo parèt, sa gonfle repitasyon ak prestij Mali tou patou sou latè.
- Kilès nan pawòl sa a yo ki dekri Mali pi byen, sou rèy Mansa Mousa?
- (1) yon epòk dore
  - (2) yon epòk ki te gen anpil mizè
  - (3) dis ane dezòd nan koloni
  - (4) yon peryòd dezòd politik


- 13 • Pèmision Pap Leo 10 te bay pou vann endiljans, pou jwenn lajan pou bati Bazilik Sen Pyè nan Wòm (1515)
- Katrevenkenz Tèz afiche (1517)
- Odisyon fèt nan Wòm (Worms), nan Almay (1521)

Sa evennman sa yo plis fè moun sonje, se

- (1) Chal 5 ak rejim absolisit
  - (2) Maten Litè ak Refòm Pwotestan
  - (3) Jonn Lòk ak Epòk Limyè
  - (4) Kal Maks ak sosyalis syantifik
- 14 Kilti sou teras Enka yo te fè, ansanm ak jaden ki flote Aztèk yo te fè, se egzanp ki montre
- (1) kouman sivilizasyon yo kapab adapte avèk jeyografi fizik kote yo ye a
  - (2) teknik agrikilti koupe-boule
  - (3) travay atis nan Mezopotami ki montre enpòtans agrikilti
  - (4) politik ekonomik kolonyal ki pa fè sivilizasyon Amerik Latin yo byen
- 15 Kilès nan pawòl sa a yo ki montre konsèp mèkantilis ewopeyen an pi byen, pandan Peryòd Eksplorasyon an?
- (1) Angletè te ankouraje komès lib ant koloni li yo.
  - (2) Espay te redui ekspòtasyon ki ale nan koloni Amerik di Sid li yo.
  - (3) Pòtigal te chache jwenn avantaj komèsyal nan koloni li yo.
  - (4) Lafrans te refize bay endistri nasyonal ki fèb yo sipò lajan.
- 16 Premye objektif pifò nan monak absolisit Ewòp yo, se te
- (1) sipòte libète politik pou klas mwayenn nèf yo
  - (2) anpeche kontak avèk zòn ki pi lwen pase fwontyè Ewòp yo
  - (3) santralize kontwòl politik yo te genyen sou pèp yo
  - (4) kenbe relasyon pasifik avèk peyi vwazen yo

Baze repons ou pou kesyon 17 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

**Lè Lapès Nwa te Gaye (1333 - 1349)**



17 Ki kategori moun ki te vin gen plis moun malad, l Lap s Nwa te gaye?

- (1) kom san ak pelren
- (2) bankye ak eksplorat
- (3) misyon ak machann esklav
- (4) milit ak diplomat

18 Kilès nan pawòl sa a yo ki vre, sou sistèm demwatye (encomienda) ki te genyen pandan sèzyèm ak disetyèm syèk yo?

- (1) Sivilizasyon Aztèk ak Enka yo benefisyè.
- (2) Dire lavi a vin pi long pou popilasyon Ameriken natif natal yo.
- (3) Enfliyans Espay bese nan koloni l yo.
- (4) Anpil moun ki te natif natal nan Amerik te fòse travay sou gwo bitasyon.

19 • Lafrans pran kontwòl Aljeri.  
 • Angletè pran kontwòl Amerik di Nò.  
 • Pòtigal pran kontwòl Angola.

Ki sa pawòl sa a yo dekri?

- (1) enperyalis
- (2) revolisyon
- (3) alyans
- (4) sistèm totalitaris


20 “Nan twa oubyen kat mwa... . plis pase sèt mil timoun mouri grangou, paske yo te voye papa ak manman yo nan min... . Se konsa yo [Panyòl yo] detwi ak depeple tout zil sa a [Kiba].”

— Batolome de Las Kasas, 1552,  
*The Brief Account of the Destruction of the Indies*  
 (Rapò Kout sou Jan Zil End yo te Detwi)

Evennman sitasyon sa a dekri a montre

- (1) yon rezilta “Rankont“ la te bay
- (2) deplasman fòse Ameriken Natif Natal yo pou ale nan Espay
- (3) danje ki genyen lè moun travay nan min san ekipman kòrèk
- (4) yon rezilta filozòf Epòk Limyè yo te bay

Baze repons ou pou kesyon 21 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



21 Di youn nan rezilta vwayaj eksplorè yo, ki montre sou kat sa a, te rapòte?

- (1) Ofi anmezi, Ewòp vin pi izole.
- (2) Komès Ewòp avèk Afrik ak Amerik di Sid vin pi plis.
- (3) Azi Sid Ès vin tounen pi gwo patnè Ewòp nan komès.
- (4) Peyi Ewòp yo tabli gouvènman kolonyal toupatou nan Azi santral.

22 Men yon bagay ki te menm jan ant rèy Pyè Legran nan Risi ak rèy Akbar Legran nan End: tou de lidè yo te

- (1) oblije moun nan peyi yo aji dapre prensip relijyon ki estrik
- (2) modènize ak agrandi anpi yo avèk lide yo te pran nan lòt kilti
- (3) pito pran desizyon pasifik pou rezoud konfli avèk peyi ki vwazen yo
- (4) tabli prensip demokratik nan sistèm politik yo

23 Filozòf nan Epòk Limyè yo te kwè pouvwa tout gouvènman dwe soti nan

- (1) dwa Bondye bay chèf yo
- (2) klas mwayenn
- (3) yon lame ki fò
- (4) pèp y ap gouvènen an

24 Kididonk, Palman deklare:

Swadizan pouvwa [wa a] genyen pou sispann lwa yo . . . san Palman pa dakò, sa pa legal. Si yo prelive lajan sou moun [taks] pou kouwòn nan [wa a] oswa pou kouwòn nan sèvi. . . san Palman pa aksepte [konsanti]. . . , sa pa legal.

Kote yo jwenn pawòl 17yèm syèk sa yo, se nan

- (1) Deklarasyon Dwa Moun nan Angletè
- (2) Deklarasyon Dwa Moun ak Sitwayen
- (3) Kòd Napoleyon
- (4) Deklarasyon Balfou

25 Youn nan bagay Simon Boliva ak Napoleyon Bonapat te fè menm jan, se lè tou de lidè yo te

- (1) ankouraje nasyonalis
- (2) pito fè negosyasyon diplomatik
- (3) tabli yon fòm gouvènman reprezantatif
- (4) revòlte kont enperyalis


- 26 **“Eta Jenewo yo Reyini pou Premye Fwa Depi 175 An”**  
**“Asanble Nasyonal Pibliye Deklarasyon sou Dwa Moun”**  
**“Rèy Laterè Fini; Wobèspeyè Mouri”**
- Ki evennman nan istwa Ewòp tit sa a yo fè moun sonje pi plis?
- (1) Revolisyon Piriten
  - (2) Lagè Santan
  - (3) Revolisyon Franse
  - (4) Siyati Magna Kata
- 27 Bezwen Revolisyon Endistriyèl nan Ewòp 19yèm syèk la te konte anpil nan
- (1) kwasans anpi ki lòt bò dlo
  - (2) kòmansman komès triyangilè
  - (3) devlopman òganizasyon entènasyonal pou defann lapè
  - (4) pwomosyon egalite politik ak ekonomik nan Azi ak nan Afrik
- 28 Kilès nan pawòl sa a yo lide Kal Maks yo sipòte?
- (1) Biznis ki nan sektè prive yo nan enterè travayè.
  - (2) Endistriyalizasyon bon pou moun rich, epi eksplwate travayè.
  - (3) Peyi yo dwe pwofite nan richès koloni yo genyen.
  - (4) Kapitalis endistriyèl pèmèt travayè ak patwon yo travay ansanm pou menm objektif.
- 29 Nan Risi, evennman Dimanch Sanglan an, ansanm ak anpil lanmò nan Premye Gè Mondyal la, epi move lidèchip tza a te lakòz dirèk
- (1) Revolisyon 1917
  - (2) yo antre nan perestwoyka
  - (3) siyati Trete Minik
  - (4) kreyasyon Trete Vasovi
- 30 Men youn nan karakteristik yon Eta totalitè:
- (1) yo bay gwoup minoritè yo anpil libète sivik
  - (2) gen anpil pati politik ki dirije sistèm ekonomik la
  - (3) yo ankouraje sitwayen yo kritike gouvènman an
  - (4) gouvènman an kontwole ak sansire laprès

- 31 Kilès nan pawòl sa a yo ki kapab sèvi kòm pi bon tit pou moso deskripsyon ki pi ba la a?

- I. \_\_\_\_\_
- A. Atatik ak nasyonalis yo jete gouvènman siltan an
  - B. Yo adopte konstitisyon sekilye
  - C. Yo bay fi dwa vote ak jwenn pòs nan gouvènman
  - D. Gouvènman tabli pwogram endistriyèl

- (1) Repiblik Tik la tabli
  - (2) Fondamantalism Islamik pran fòs
  - (3) Konstantinòp tonbe
  - (4) Tik yo pran Jerizalèm
- 32 Ki sa ki te youn nan pi gwo rezon ki te fè Japon anvayi Mannchouri nan ane 1931?
- (1) Pwovens Mannchouri a te teritwa Japon depi anvan.
  - (2) Gouvènman Japon an te renmen pwogrè teknik Mannchouri te rive fè.
  - (3) Pèp Mannchouri te vle Japon kontwole yo.
  - (4) Japon te bezwen resous natirèl li te kapab jwenn nan Mannchouri.
- 33 Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, ki karakteristik jeyografik ki te sèvi plis nan defans Inyon Sovyetik kont envazyon alman?
- (1) depo anpil resous natirèl
  - (2) gwo peyi a ak klima a
  - (3) pò sou Atlantik ak rivyè
  - (4) teritwa ki gen mòn ak zòn ki gen dezè
- 34 Youn nan rezon ki fè Tyang Gay Tchèk (Jiang Jieshi) nan Chin, Ochimin nan Vyetnam, ak Jomo Kenyata nan Kenya te sanble, se paske yo tout te
- (1) dakò pou kenbe relasyon sere avèk ansyen pouvwa kolonyal yo
  - (2) refize pou gouvènman yo vin manm nan Nasyonzini
  - (3) dirije mouvman nasyonalis nan peyi yo
  - (4) reziste tantativ pou modènize enstitisyon politik ak sosyal nan peyi yo

Baze repons ou pou kesyon 35 ak 36 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: NYSTROM World Atlas, Herff Jones, Inc. (adapte)

35 Kilès nan vil chinwa ki sou kat sa a ki pi pre ekwatè?

- (1) Beijing (Bejin)
- (2) Chengdu (Chenndou)
- (3) Shanghai (Channgay)
- (4) Hong Kong (Ongkong)

36 Ki konklizyon kat la sipòte pi byen?

- (1) Dezè Gobi nan Sid Lachin.
- (2) Gen anpil resous mineral bò Lanmè Lès Lachin.
- (3) Zòn ki gen mwens moun nan Chin yo nan Nò ak nan Wès peyi a.
- (4) Beijing (Bejin), se youn nan pò ki gen plis aktivite nan Lachin.

37 Rezon pou Doktrin Twoumann ak pou Plan Machal la, se te pou

- (1) ankouraje estabilite ekonomik ak politik nan Ewòp
- (2) sispann reklamasyon Almay t ap fè pou Sidtennlann (Sudetenland)
- (3) retounen demokrasi nan peyi Ayiti
- (4) anpeche Irak pran kontwòl Kowet


38 Ki mo ki sèvi souvan pou dekri aksyon Adòf Itlè nan Almay, ak Pòl Pòt nan Kanbòdj?

- (1) pa aliye
- (2) newokolonyalis
- (3) politik tè boule
- (4) jenosid

39 Pi gwo objektif Inyon Ewopeyèn (EU) ak Akò pou Komès Lib nan Amerik di Nò (NAFTA) se

- (1) anpeche pwoliferasyon zam nikleyè
- (2) chache rezoud pwoblèm koripsyon politik entènasyonal
- (3) ogmante opòtinite nan sektè edikasyon pou peyi soudevelope yo
- (4) ankouraje kwasans ekonomik pou peyi ki patisipe yo

Baze repons ou pou kesyon 40 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



(adapte)

40 Desen 1998 sa a dekri tansyon relijye nan ki peyi?

- |             |          |
|-------------|----------|
| (1) Izrayèl | (3) Iran |
| (2) Ilann   | (4) End  |

41 Ki evolisyon ki te rive nan Lachin sou gouvènman Mawo Zedong?

- (1) Lafanmi te tounen fòs ki domine nan sosyete a.
- (2) 4 Modènizasyon yo te tounen rasin pou refòm ekonomik.
- (3) Pèp la adopte tradisyon sèvi memwa zansèt.
- (4) Yo te oblije aprann elèv prensip kominis nan tout lekòl ak inivèsite.

42 Youn nan rezon ki fè gen bagay ki sanble ant lè End separe an 1947, ak lè Yougoslavi divize an 1992, se paske apre chak evennman sa a yo

- (1) te gen gouvènman demokratik estab ki te tabli
- (2) gen pwoblèm ki vin parèt ant gwoup etnik ak relijye yo
- (3) pwosperite ekonomik te lakòz moun te vin viv byen
- (4) yo te kite kwayans tradisyonèl yo, pou adopte konsepsyon oksidantal

43 Ki kesyon anviwonman ki pi enpòtan pou Afrik Santral, Basen Rivyè Amazòn, ak Penensil Malezi?

- (1) kontaminasyon nikleyè
- (2) dezètifikasyon
- (3) peyi yo vin gen twòp moun
- (4) deforestasyon

44 Youn nan rezon ki fè gen bagay ki sanble ant Boksè Lachin yo ak fondamantalism islamik nan Iran revolisyonè a, se paske chak gwoup te eseye

- (1) ankouraje relasyon kiltirèl ak ekonomik avèk peyi oksidantal
- (2) elimine enfluyans peyi etranje nan peyi yo
- (3) tabli mouvman relijye nan peyi yo
- (4) vin gen plis koloni lòt bò dlo



Baze repons ou pou kesyon 45 ak 46 sou sitasyon ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

“Gouvènman . . . Alye yo . . . deklare, epi Almay aksepte reponsabilite . . . se limenm ki lakòz tout pèt ak tout dega Gouvènman . . . Alye yo ansanm ak sitwayen nan peyi sa a yo sibi kòm konsekans lagè Almay te fè kont yo, lè li te atake yo. . . .”

45 Nan ki dokiman istorik yo te pran pawòl sa a yo?

- (1) Chat Nasyonzini
- (2) Trete Pòtsmout
- (3) Chat Atlantik
- (4) Trete Vèsay

46 Ki sa ki te youn nan rezilta dispozisyon ki ekri nan dokiman sa a?

- (1) Gouvènman Alye yo ede rebati ekonomi Almay.
- (2) Kòlè kont dispozisyon sa a yo te ede Nazi pran fòs nan Almay.
- (3) Lide ki te nan dispozisyon sa a yo sèvi kòm rasin pou Inyon Ewopeyen.
- (4) Dispozisyon yo te tounen yon chema pou fè lapè dire nan Almay.

47 Gen plizyè evennman istorik nan lis pi ba la a.

- A. Separasyon End ak Pakistan
- B. Sistèm kast la tabli
- C. Angletè kolonize soukontinan Endyen
- D. Mach Gandhi pou Sèl

Ki lòd kwonolojik ki kòrèk pou seri evennman sa a yo?

- (1)  $A \rightarrow B \rightarrow C \rightarrow D$
- (2)  $B \rightarrow C \rightarrow D \rightarrow A$
- (3)  $C \rightarrow D \rightarrow A \rightarrow B$
- (4)  $D \rightarrow B \rightarrow A \rightarrow C$

Baze repons ou pou kesyon 48 ak 49 sou tablo ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Chif Sosyoekonomik pou Peyi Azi			
Peyi	PDP pou Chak Abitan	Dire Lavi	Mòtalite Timoun (pou chak 1 000 nesans)
Bangladèch	200	55	107
End	270	58	78
Filipin	860	63	51
Japon	19,800	79	4
Taylann	1,800	68	37

Peyi	Pousantaj Popilasyon nan Vil	Pousantaj Moun ki Konn Li ak Ekri	To Nesans (pou chak 1 000 moun)
Bangladèch	14	47	35
End	26	48	28
Filipin	44	88	27
Japon	77	99	10
Taylann	19	89	19

Sous: *The World Almanac Book of Facts* (Liv sou Evennman nan Almanak Mondyal), 1995

48 Dapre tablo a, kilès nan peyi Azi sa a yo ki genyen pi piti pousantaj moun k ap viv lavil, epi ki gen mwens endistri?

- (1) Bangladèch
- (2) End
- (3) Filipin
- (4) Taylann

49 Kilès nan pawòl sa a yo, sou chif sosyoekonomik Japon, ki se yon opinyon?

- (1) Pwodui enteryè brit (GDP) Japon wo, epi to nesans li wo.
- (2) Japon gen sistèm edikasyon ki pi efikas, epi pi bon kilti nan Azi.
- (3) To mòtalite timoun ba nan Japon, epi dire lavi a wo.
- (4) Japon gen yon gwo pousantaj moun k ap viv lavil, epi yon pousantaj moun ki konn li ak ekri ki wo.

Baze repons ou pou kesyon 50 sou dokiman ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

***Deklarasyon Inivèsèl sou Dwa Moun***

- Atik 2: Tout moun gen dwa benefisye tout dwa ak tout libète ki tabli nan deklarasyon sa a, san pa gen diferans ki fèt pou okenn rezon, tankou . . . koulè, si moun nan se gason oswa fi, lang, . . . peyi oswa kategori sosyal moun nan, si li pwopriyete, nesans, oswa lòt kondisyon.
- Atik 5: Pèsonn pa dwe viktim tòti, ni tretman oubyen pinisyon ki kriyèl, inimen, oswa avilisan.
- Atik 9: Pèsonn pa dwe viktim arestasyon, detansyon, oswa egzil abitrè.
- Atik 13: Tout moun gen dwa pati kite nenpòt ki peyi, menm pwòp peyi li, epi retounen nan peyi l.
- Atik 18: Tout moun gen dwa benefisye libète opinyon, konsyans, ak relijyon. . . .
- Atik 20: Tout moun gen dwa benefisye libète pou fè reyinyon ak asosyasyon pasifik.
- Atik 21: Tout moun gen dwa patisipe nan gouvènman peyi l, kit se yon jan ki dirèk, kit se avèk entèmedyè reprezantan li lib pou chwazi.

—Nasyonzini, 10 desanm 1948

50 Sa lide ki pale nan Deklarasyon Inivèsèl Nasyonzini sou Dwa Moun yo montre pi byen, se filizofi politik ki te nan

- |                          |                         |
|--------------------------|-------------------------|
| (1) Revolisyon Syantifik | (3) Revolisyon Komèsyal |
| (2) Epòk Limyè           | (4) Mwayennaj           |
-

Repons pou kesyon ki pi ba la a yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.

Lè w ap devlope repons pou Dezyèm Pati ak Twazyèm Pati a, sonje definisyon sa a yo:

- (a) esplike vle di “fè koze a parèt klè, oubyen pou moun konprann li byen; bay rezon ki fè kèk bagay rive oubyen pou ki sa yo fèt; montre ki lojik ki fè kèk bagay rive oubyen sa ki lakòz yo rive”
- (b) trete yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”
- (c) dekri vle di “ilistre yon bagay avèk mo, oswa pale sou bagay la”
- (d) evalye vle di “analize ak jije siyifikasyon, valè oswa kondisyon yon bagay; gade valè yon bagay”

### Dezyèm Pati

#### KESYON POU REDAKSYON TEMATIK

*Esplikasyon:* Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragaf sou objektif travay ki pi ba la a, ak yon konklizyon.

#### Tèm: Jeyografi

Trè jeyografik yo te afekte devlopman istorik ak evennman istorik peyi yo ak rejyon yo.

#### Objektif

#### Travay la:

Seleksyone *de* peyi ak/oswa rejyon, epi pou chak ladan yo:

- Idantifye ak dekri *de* trè jeyografik nan chak peyi ak/oswa rejyon
- Esplike kouman *chak* trè jeyografik te afekte devlopman istorik la, oswa yon evennman istorik separe, nan chak peyi ak/oswa rejyon

Ou mèt pran nenpòt ki peyi ak/oswa rejyon, epi nenpòt ki trè jeyografik ou te etidye nan istwa ak jeyografi jeneral. ***Pa chwazi Etazini pou repons ou a.*** Nan pami trè ou ta kapab konsidere, genyen dezè, vale rivyè, oswa petwòl nan Mwayenn Oryan; vale rivyè, mouson, oswa Mòn Imalaya nan End; resous natirèl oswa pozisyon zil Japon oswa Angletè; vale rivyè oswa dezè nan Ejip; rivaj regilye oswa resous nan Afrik di Sid; forè plivyal oswa Mòn And nan Amerik di Sid.

#### ***Pa konsidere sijesyon sa a yo sèlman***

#### Direktiv:

##### Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Trete tout aspè nan *Objektif Travay* la
- Di sa ki pase, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwoudi tèm nan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay* la sèlman, epi rezime tèm nan pou konklizyon an

**Twazyèm Pati****KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN**

**Kesyon sa a mache ak dokiman sa a yo (1-7). Kesyon sa a la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk pati nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon sa a. Lè w ap analize dokiman yo, sonje ki kote yo soti ak ki pwennvi ki parèt ladan yo.**

**Kontèks Istorik:**

Pandan istwa peyi yo, gen anpil ladan yo ki eseye chanje sistèm ekonomik yo, men sa pa toujou byen mache.

**Objektif**

**Travay la:** Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo, epi ak konesans ou nan istwa jeneral, pou reponn kesyon ki pi ba la a yo nan chak dokiman ki nan Seksyon A. Repons ou pou kesyon sa a yo pral ede w ekri redaksyon ki nan Seksyon B a, kote yo pral mande w:

- Trete metòd *de* peyi te sèvi pou reyalize refòm ekonomik apre kèk tan, epi dekri sistèm ekonomik ki te la anvan chanjman an
- Evalye rezilta refòm ekonomik la nan *chak* peyi

## Seksyon A

### Kesyon ki Mande Repons Kout

*Esplikasyon:* Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki suiv chak dokiman nan espas yo bay la.

#### Dokiman 1

#### Lwa Tokugawa nan Japon an 1634

- Yo pa dwe voye bato japonè nan lòt peyi.
- Yo pa dwe voye okenn japonè nan lòt peyi. Nenpòt ki moun ki vyole lwa sa a pral kondane amò. . . .
- Tout Japonè ki rete nan lòt peyi pral egzekite, lè yo retounen nan peyi yo.
- Lè gen bato etranje ki rive, rapò dwe fèt bay Edo [Tokyo] epi yo dwe veye yo.
- Samouray pa dwe achte manchandiz bato etranje pote.


1 Ki politik Tokugawa te suiv, nan zafè komès ak etranje? [1]

---

---

Score

## Dokiman 2



2 Dapre grafik sa a, ki chanjman ekonomik ki te rive pandan rèy Meji? [1]

---

---

Score

## Dokiman 3

Nan *The Wealth of Nations* (*Richès Nasyon yo*) (1776), men ki jan Adan Smit dekri filozofi “laissez-faire” la (kite yo fè):

Depi yon moun pa vyole lalwa, li gen tout libète pou defann enterè l nan jan pa l, epi pou fè konpetisyon avèk travay li epi avèk kapital li, avèk nenpòt ki lòt moun oswa nenpòt ki gwoup moun.

3 Dapre dokiman sa a, ki limit gouvènman an dwe mete sou aksyon chak moun nan ekonomi an? [1]

---

---

Score

## Document 4

Men yon pati nan temwayaj Wilyam Koupè devan Komite Sadlè a an 1832.

<i>Sadlè:</i>	Depi kilè ou kòmanse travay nan moulen?
<i>Koupè:</i>	Lè mwen te gen dizan.
<i>Sadlè:</i>	Nan ki lè ou te konn travay?
<i>Koupè:</i>	Nou te kòmanse travay depi 5 è dimaten pou sispann lè li 9 è diswa.
<i>Sadlè:</i>	Ki tan ou te genyen pou w manje?
<i>Koupè:</i>	Nou te gen yon sèl peryòd karant minit pandan sèz èdtan yo. Se te a midi.
<i>Sadlè:</i>	Ki sa yo te fè, pou w pa dòmi epi pou w rete atantif?
<i>Koupè:</i>	Gen de lè yo te konn mare nou.
<i>Sadlè:</i>	Si w te travay tout tan sa a, èske ou te gen tan ale lekòl lajounen?
<i>Koupè:</i>	Nou pa t gen tan ale lekòl lajounen.

Sa a se yon ekstrè temwayaj Jozèf Ebègam devan Komite Sadlè a:

<i>Sadlè:</i>	Èske ou konnen okenn lòt timoun ki te mouri nan moulen R_____ la?
<i>Ebègam:</i>	Gen yon douzèn konsa ki te mouri pandan dezan edmi mwen te pase la yo. Nan Moulen L_____, kote mwen te travay an dènye a, gen yon ti gason ki te kole nan yon machin, epi zo nan de (2) kuis li kase, depi jenou l pou rive nan ranch li. . . . Lè sè l kouri pou rale l soti, sè a te gen tou de bra l ki kase epi tèt li ki kase. Ti gason an mouri. Mwen pa konnen si ti fi a mouri, men yo te kwè li pa t ap viv.
<i>Sadlè:</i>	Èske aksidan an rive paske tij la pa t kouvri?
<i>Ebègam:</i>	Wi.

4 Jouk nan ki pwen, kondisyon ki dekri nan temwayaj sa a soti nan sistèm ekonomik ki te la an 1832 a? [1]

---

---

---

Score

## Dokiman 5

### Règleman nan Izin Angletè

1833 Palman pase Lwa sou Izin nan, ki defann prèske tout moulen tekstil pran timoun ki pako gen onz an nan travay la, epi ki defann timoun ki ant onz ak trèz an travay plis pase karantuit èdtan pa semenn, sa ki vle di nèf èdtan nan yon sèl jou. Li defann tou pou jenn moun ki ant trèz ak dizuit an travay plis pase swasant nèf èdtan pa semenn, sa ki vle di douz èdtan nan yon sèl jou. Nan tan travay sa a yo, te fèt pou genyen yon èdtan edmi pou manje. Timoun ki pako gen trèz an te oblije ale lekòl chak jou pou 2 èdtan.

1847 Lwa 10 èdtan an mete yon limit 10 èdtan sou jounen travay pou fi ak timoun ki te travay nan izin.

1880 Lwa sou Responsabilite Patwon an bay konpansasyon pou travayè si yo blese nan travay san se pa fòt yo.

5 Idantifye *de* aksyon gouvènman pran pou chanje politik ekonomik yo. [2]

(1)

---

---

Score

(2)

---

---

Score



## Dokiman 6

Plan Kenkenal Estalin nan, pati a te adopte an 1928, te mande pou endistri tabli rapidman nan peyi a, epi sitou endistri lou. Li tabli objektif ki pa t reyalis – yon kwasans 250 pousan nan devlopman endistri an jeneral, ak yon kwasans 330 pousan nan endistri lou sèlman. Yo te nasyonalize tout endistri ak tout sèvis yo, planifikatè santral yo te bay direktè yo kota pwodiksyon yo te deside davans, epi yo te fè sendika yo tounen zouti pou fè travayè bay plis ranman.

. . . metòd Sosyalis la . . . se òganize fèm kolektif ak fèm leta, ki reyini ti fèm peyizan pou fè gwo fèm kolektif, ki gen ekipman teknik ak syantifik, epi pou fè eleman kapitalis yo pa rete nan agrikilti...

6a Ki politik ekonomik Estalin te sèvi pou endistri? [1]

---

Score

b Ki politik ekonomik Estalin te sèvi pou agrikilti? [1]

---

Score

## Dokiman 7

Refòm ekonomik Gòbatchèf te rekòmande yo te rele “sosyalis mache”. . . . Li te konseye pou sistèm planifikasyon santral la modifye [chanje], pou minis nan gouvènman yo pa kenbe antrepriz ekonomik yo anba yon gwo kontwòl ankò, pou direktè rejyonal yo kapab jwe yon wòl pi enpòtan. Li te konseye tou pou . . . fè refòm nan salè yo pou koresponn yon jan ki pi reyalis avèk sa ekonomi mache a te mande.

— “Perestwoyka“ ki ekstrè nan *The Collapse of Communism in The Soviet Union*  
(*Lè Sistèm Kominis la Kraze nan Inyon Sovyetik*)

7 Nonmen *yon* chanjman ekonomik Mikayèl Gòbatchèf te rekòmande. [1]

---

Score

## Seksyon B

### Redaksyon

*Esplikasyon:* Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **kat** (4) dokiman, nan pati ki gen devlopman sijè nan redaksyon an. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete enfòmasyon ou jwenn deyò anplis sou sa.

#### Kontèks Istorik:

Pandan istwa peyi yo, gen anpil ladan yo ki eseye chanje sistèm ekonomik yo, men sa pa toujou byen mache.

#### Objektif

**Travay la:** Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo, epi ak konesans ou nan istwa jeneral, pou ekri yon redaksyon kote ou pral:

- Trete metòd *de* peyi te sèvi pou reyalize refòm ekonomik apre kèk tan, epi dekri sistèm ekonomik ki te la anvan chanjman an
- Evalue rezilta refòm ekonomik la nan *chak* peyi

#### Direktiv:

##### Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Trete tout aspè nan *Objektif Travay* la; pou fè sa, bay yon analiz ak yon entèpretasyon egzak pou omwens **kat** (4) dokiman
- Pran enfòmasyon nan dokiman yo pou mete nan devlopman sijè nan redaksyon an
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm nan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay* la oswa *Kontèks Istorik* la, epi fè yon rezime tèm la kòm konklizyon

# ISTWA JENERAL AK JEYOGRAFI

Madi, 22 janvyè 2002 — 9:15 dimaten pou 12:15 apre midi, sèlman

### FÈY REPONS

Gason

Non Elèv la .....G/F:  Fi

Non Pwofesè a .....

Non Lekòl la .....

**Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.**

### Premye Pati

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

#### FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score	_____
Part III A Score	_____
Total Part I and III A Score	<input type="text"/>
Part II Essay Score	_____
Part III B Essay Score	_____
Total Essay Score	<input type="text"/>
Final Score (obtained from conversion chart)	<input type="text"/>

No.   
Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

